# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–25 जुलाई 2026** **भोजपुरी समाचार**

केंद्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेंद्र प्रधान आजु प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी के आपन इस्तीफा सउंपि दिहले हवें। सोसल मीडिया पर एगो पोस्ट में श्री प्रधान कहलें कि पछिला दस दिन से छात्रन क बिरोध–परदरसन के बाद बनल हालति से उन्हें दुख भइल बा आ ई उनके प्रतिस्ठा क सवाल नाहीं हौ। उहां के कहलीं कि नई दिल्ली के जंतर–मंतर आ देस भर में बनल हालति क फायदा उठावे वाला राष्ट्र बिरोधी ताकति के रोकले के साथहीं ई सुनिस्चित करे बदे कि कउनों छात्र क भविस्य कानूनी पेचीदगियन में न फसें। उहां के प्रधानमंत्री के आपन इस्तीफा सउंपले क फैसिला कइलें। श्री प्रधान कहलें कि नीट–यूजी परीक्षा–दुइ हजार छब्बीस में अनिमितता के बाद सरकार जांचि सीबीबाई के सउंपि दिहलसि आ परीक्षा रद्द कइ दिहलसि। दुबारा परीक्षा बदे नया तारीख क घोसणो कइलसि। उहां के कहलीं कि सरकार अगिला पांच सालि से कम्प्यूटर–बेस्ड टेस्ट सीबीटी मोड में परीक्षा आयोजित कइले क फैसिला कइले हवे।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पेपर लीक मामिला में कड़ेर कानून ले अइले के ले के जारी कइल गइल अपने वीडियो सनेसा पर मिलल प्रतिक्रिया आ सुझावन बदे देस के नौजवानन क धन्यवाद दिहले हवें। श्री मोदी नौजवानन के मजबूत समरथन बदे आभार जतवलें।

***थैंक यू फ्रैंड्स, मैंने जो वीडियो पोस्ट किया था। उसको जिस प्रकार से आपने रिस्पॉन्स दिया, सकारात्मक सुझाव दिये। थैंक्स टू एव्रिबडी, ये आपका प्यार बना रहेगा, हमारा नाता और अधिक सक्रियता से जुड़ता रहेगा।***

प्रधानमंत्री कहलें कि पेपर लीक जइसन घटनन पर रोकि लगावे आ दोसियन के खिलाफ कड़ेर कार्रवाई बदे नया विधेयक संसद के मौजूदा सत्र में अगिला हफ्ता पेस कइल जाई।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ नीट परीक्षा प्रकरण पर कहले हवें कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के नेतृत्व में केन्द्र सरकार नकल माफिया के खिलाफ कड़ेर कानून ला रहलि हौ। एकरे अन्तर्गत दोसियन के कम से कम दस वर्ष क सजा आ दस करोड़ रूपिया तक के जुर्माना क प्रावधान हौ मुख्यमंत्री आजु फतेहपुर में चारि सौ नवासी करोड़ रूपिया क बहुत सारा विकास परियोजना क लोकारपण आ सिलान्यास समारोह के सम्बोधित करत कहलें। उहां के कहलीं कि छात्रन के भविस्य से खेलवाड़ करे वाला अब बचि नाहीं पइहें।

***हम आभारी हैं प्रधानमंत्री मोदी जी के प्रति जिन्होंने छात्रों के भविष्य को देखते हुए पिछले तीन दिनों के अन्दर बड़े–बड़े निर्णय लिये हैं। प्रधानमंत्री जी ने घोषणा की और केन्द्रीय कैबिनेट ने कल निर्णय लिया कि छात्रों के भविष्य के साथ खिलवाड़ करने वाले नकल माफिया को कम से कम दस वर्ष की सजा और दस करोड़ रूपये की फाइन की व्यवस्था करेगी। मानकर के चलिये माफिया मिट्टी में मिलेंगे। कोई रोक नहीं सकता माफिया को मिट्टी में मिलने से।***

फतेहपुर से पहिले मुख्यमंत्री जालौन में एक हजार सात सौ चउहत्तर करोड़ रूपिया से अधिक के लागति वाला कई गो विकास परियोजना क लोकारपण आ सिलान्यास कइलें।

जालौन में आयोजित जनसभा में मुख्यमंत्री कहलें कि जवने बुन्देलखण्ड आ जालौन के पिछड़ा, सूखा क चपेट वाला अउर बीहड़ मानि के उपेक्षित छोड़ि दीहल गइल रहे, ऊ अब विकास के नया बुलंदियन के छू रहल हौ।

***डबल इंजन की भारतीय जनता पार्टी की सरकार ने बीहड़ के डेरे को एक ओर करते हुए आज इसको विकास की रोशनी में आज हमारा बुन्देलखंड जगमगा रहा है और जालौन उसका प्रवेश द्वार बन के करके तैयार हो गया है। देश का पहला सोलर एक्सप्रेस–वे बन रहा है हमारा बुन्देलखंड में, पांच सौ पचास मेगावॉट का सोलर एनर्जी उत्पन्न करके एक लाख घरों को रिन्यूवल एनर्जी देने का केन्द्र बिन्दु बन रहा है आपका जालौन जनपद।***

मुख्यमंत्री आगरो में तीनि सौ बेयालीस करोड़ रूपिया के कई गो विकास कार्यन क लोकारपण आ सिलान्यास कइलें।

**********

संत शिरोमणि गुरु रविदास जी क छौ सौ पचासवां जयंती के मौका पर भारतीय जनता पारटी देसव्यापी कार्यक्रम आयोजित करी। येह बारे में आजु वाराणसी में जनकारी देत प्रदेस सरकार क समाज कल्याण मंत्री असीम अरूण बतवलें कि अट्ठाइस आ ओन्तीस जुलाई के संत रविदास क जनमस्थली सीर गोवर्धनपुर में खास आयोजन होई। जनमस्थली के पावन माटी क पूजन कइ के ओके एक सौ एकतीस कलसा से संग्रहित कइल जाई। येह कलसन के देस भर में ले जा के संत रविदास के समरसता, समानता आ सामाजिक न्याय क सनेसा क परचार–प्रसार कइल जाई।

**********

प्रदेस के कई जिलन में भइल बरखा आ बैराजन से पानी छोड़इले के नाते कुछु जिलन में नदियन क जलस्तर बढ़े लागल बा। बाराबंकी में घाघरा नदी खतरा के चीन्हा से उप्पर बहि रहलि हौ, ओहीं उन्नाव में गंगा नदी के जलस्तर में आजु बढ़ोत्तरी देखल गइल। बाढ़ि के अनेसा के देखत सज्जो संवेदनसील जिलन में प्रसासन अलर्ट बा। मौसम विभाग आवे वाला पांच दिन ले प्रदेस के पूरबी आ पच्छिमी इलाकन के कई जिलन में गरज–चमकि के साथे हल्लुक से ले के मध्यम बरखा क पूर्वानुमान जतवले हौ।

**********